

COVID-19 & Kesyon & Repons sou Endanmnite Travayè yo

Èske mwen ka resevwa avantaj endanmnite pou travayè si mwen atrape COVID-19 pandan mwen ap travay?

REPONS: Wi. Selon reyalite yo, ou ka resevwa avantaj endanmnite travayè nan Eta New York akòz ekspozisyon a COVID-19 la. Anplwayè yo dwe abònen nan asirans endanmnite travayè pou peye travayè yo ki te malad oswa ki te blese akòz travay yo avantaj. **Yo rele sa maladi oswa yon aksidan ki gen rapò ak travay.** Eitati imigrasyon pa yon faktè.

Depi plis pase yon syèk, Komite Endanmnite Travayè (Workers' Compensation Board, WCB) Eta New York te reponn a epidemi ak blesi kwonik nan asire ke yo ap jere reklamasyon yo byen vit epi avantaj yo peye san pèdi tan. Soti nan maladi tankou tibèkiloz ak amyantoz, rive nan trajedi 11 septanm nan (11/09), ak nan kriz la opyoyid, Komite a te toujou leve kanpe pou satisfè bezwen travayè ki blese yo nan tout eta a. Pa gen okenn eksepsyon pou COVID-19 la.

Kisa k'ap pase si mwen depoze yon reklamasyon?

REPONS: Konpayi asirans endanmnite travayè patwon ou an pral revize reklamasyon w lan. Si konpayi asirans lan aksepte reklamasyon an, reklamasyon COVID-19 ou yo pral peyab (ke yo rekonèt kòm **konpansab**) Si konpayi asirans lan diskite reklamasyon an, yon jij nan Komite a pral decide si yo ta dwe peye reklamasyon an. Jij la pral koute temwayaj ou ak temwayaj founisè medikal ou a pou jwenn enfòmasyon sou kote'w ap travay, si wi ou non ou te ekspoze a COVID-19, limit ekspozisyon ou, epi si ekspoze a COVID-19 te simaye nan anviwònman travay ou.

Ki avantaj ki disponib?

REPONS: Lwa soun Endanmnite Travayè a prevwa:

- Pèman tretman medikal yon travayè blese nan yon maladi ki gen rapò ak travay oswa aksidan.
- Avantaj ranplasman salè si maladi ou anpeche w travay.
- Avantaj pou yon moun ki gen chaj sivivan anplwaye nan ka kote gen lanmò.
- Ranbousman depans antèman yo ki rive jiska 12,500 dola nan konte Vil New York, Nassau, Suffolk, Rockland, ak Westchester, ak jiska 10,500 dola nan lòt konte yo nan New York.

Ki anviwònman travay ki gen plis chans pou lakòz reklamasyon COVID-19 la?

REPONS: Moun ki travay nan yon anviwònman kote risk ekspozisyon yo pi wo yon fason sinifikati, gen plis chans pou yo gen reklamasyon COVID-19 ki konpansab. Kèk anplwaye ap travay sere ak piblik la nan kote yo dokimante ekspozisyon a COVID-19 la. Sa enkli travayè swen sante yo, premye sekouris yo, travayè transpò yo, ofisye koreksyon yo, ak travayè sèvis manje yo. Gen kèk travayè ki ka genyen tou reklamasyon ki gen rapò ak travay si yo kominike dirèkteman ak piblik la pandan y'ap travay, tankou travayè ki vann an detay yo.

Ki enfòmasyon ki nesesè pou montre yon reklamasyon COVID-19 gen rapò ak travay?

REPONS: Pifò travayè p'ap janm ka endike moman oswa metòd pou ekspoze a COVID-19, men travayè yo ka demontre kisk ki siyifikativman elve yo nan espas travay yo lè yo demontre nati ak limit travay yo nan yon anviwònman kote ekspoze a COVID-19 te simaye. Ou ta dwe bay detay sou ki kote ou travay, konbyen fwa ou travay, ak ki kalite tach ou fè nan travay ou, sitou sa yo ki enplike nan kontak ak piblik la. Ou bezwen gen yon rapò medikal, ki soti nan yon founisè medikal endanmnite pou travayè ki otorize, ki deklare ke travay ou te lakòz maladi ou. Li pi bon pou gen yon rezilta tèz pozitif, men yon rapò medikal, ki soti nan yon founisè medikal endanmnite travayè ki otorize, ki montre yon dyagnostik via tèz PCR, oswa an vèti yon egzamen ki soti nan men yon doktè tretan, kapab itilize.

Kijan pou mwen ranpli yon reklamasyon?

REPONS:

1. Di anlwayè w la, osito ke posib, ke ou malad. Di anlwayè w la alekri, via imèl oswa lèt ekri alamen. Pa voye yon mesaj tèks, si ou ka evite sa.
2. Ranpli **Reklamasyon Anplwaye a (Fòm C-3)** (ke ou jwenn nan wcb.ny.gov) epi voye li bay Komite a. Adrès kote pou voye reklamasyon an sou fòm lan.
3. Vizite yon doktè ki otorize pou trete pasyan konpansasyon travayè yo lè ou kapab. Ou kapab fè sa atravè videyo oswa telefòn. Ou ka chèche yon doktè ke Komite a otorize nan wcb.ny.gov.
4. Di doktè konpansasyon travayè yo ki trete w ke ou kwè ou te atrape COVID-19 pandan ou nan travay. Si doktè ou dakò, doktè a pral voye rapò a bay konpayi asirans lan ak bay Komite a.
5. Si doktè a gen rezilta tèz pozitif COVID-19 ou a, doktè a ta dwe voye sa. Si ou gen rezilta tèz pozitif la, swa bay ou bay doktè a li ou oswa ou voye yon kopibay Komite a ak fòm reklamasyon ou an.

Konbyen tan pwosesis la pran?

REPONS: Lè ou di patwon ou ke ou malad akòz travay ou, patwon ou ta dwe enfòm konpayi asirans li imedyatman. Konpayi asirans lan gen 18 jou pou yo aji sou reklamasyon an epi kòmanse peye avantaj yo si yo aksepte li. Depi yo resevwa reklamasyon yo, Komite a pral fè tout efò pou trete reklamasyon sa yo pi vit jan sa posib. Komite a kenbe odyans sou pwoblèm litij, lè sa nesèsè, pou asire ke yo peye avantaj yo san pèdi tan pou travayè ki afekte yo, sa k'ap pèmèt yo peye bòdwo yo epi kontinye sipòte fanmi yo.

Èske gen èd ki disponib?

REPONS: Ou ka rele Komite Endanmnite Travayè NYS la nan **(800) 580-6665** si w gen difikilte oswa si ou bezwen enfòmasyon. Tanpri fè nou konnen si ou fè fas a rezistans oswa obstak nan chèche enfòmasyon sou pwosesis reklamasyon yo oswa si ou dekouraje pou ranpli yon reklamasyon. N'ap ede ou. Ou ka ekri AdvInjWkr@wcb.ny.gov. tou.

Prezidan an voye yon **lèt bay tout konpayi asirans yo**, pou ankouraje yo pou yo ede travayè yo, epi pou envestige epi peye reklamasyon yo pi vit posib.

Tanpri fè atansyon: Objektif dokiman sa a se bay piblik la yon fondasyon jeneral sou ekspozisyon ak kontraksyon reklamasyon viral — li pa gen konsèy legal oswa otorite legal ki gen rapò ak nenpòt potansyèl reklamasyon endividyèl pou avantaj selon Lwa Konpansasyon Travayè yo. Pou konsèy legal, ou ta dwe kontakte yon avoka oswa yon Repezantan Otorize Lisansye ki kalifye nan zafè konpansasyon travayè yo.